



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 215 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL
POU RANPLASMAN PON WOUT RAY LIVINGSTON AVENUE AN**

***Sibvansyon Administrasyon Otowout Federal pral fasilite konstriksyon yon
nouvo pon ki travèse Rivyè Hudson ant Albany ak Rensselaer***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sibvansyon 215.1 milyon dola nan finansman federal pou sipòte ranplasman Pon Wout Ray Livingston Avenue ki aje ki travèse Rivyè Hudson ant vil Albany ak Rensselaer. Finansman an te bay nan kad Pwogram Enfrastrikti Ray Konsolide ak Amelyorasyon Sekirite Administrasyon Wout Ray Federal (Federal Railroad Administration, FRA) la epi li pral fasilite pwojè k ap kontinye pou ranplase estrikti nan epòk Lagè Sivil la ak yon pon modèn ki pral amelyore sèvis tren pasaje ak machandiz nan tout Koridò Empire a epi tou bay yon pasaj sou Rivyè Hudson ki nesèsè anpil pou pyeton ak siklis yo. Sibvansyon federal la te fè pati prèske 2.5 milya dola FRA te bay dènyèman.

"Eta New York ap fè pwogrè istorik nan direksyon pou revitalize enfrastrikti nou an pou satisfè demann 21èm Syèk la men pou fè li sa mande yon efò ekip", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen bat bravo pou aksyon patnè federal nou yo nan bay finansman ki enpòtan anpil sa a, ki pral ede asire pasaje tren yo – ansanm ak pyeton yo ak siklis yo – jwi benefis yon nouvo pon Livingston Avenue modèn pi vit posib."

Ranplasman pon Livingston Avenue an – ki se yon lyen enpòtan pou sèvis tren pasaje yo sou Koridò Empire a – se yon pwojè siyati ki montre angajman Gouvènè Hochul pran pou l investi nan pwojè ki rekonekte kominote yo, amelyore kalite lavi yo epi ankouraje kwasans ak opòtinite ekonomik pou tout Nouyòkè yo. Anplis sibvansyon federal la, finansman pou pwojè 634.8 milyon dola yo ap bay tou nan plan kapital istorik 33 milya dola Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la. Travay preparasyon sit la te kòmanse pandan ete a epi yo prevwa konstriksyon gwo nouvo estrikti a kòmanse nan kòmansman ane 2025.

Pwojè a pral konstwi yon pon levan ki gen sèt travès, ki ka satisfè nòm modèn yo pou wotè, lajè ak vitès. Li pral pi laj tou ak fèt pou pote chay tren machandiz pi lou, ansanm ak de tren pasaje an menm tan. Estrikti a pral kapab tou jere machin tren ki pi wo yo, sa ki pèmèt plis machandiz, epi li pral akomode trafik maritim sou Rivyè Hudson nan yon fason ki pi fyab.

Estrikti orijinal la sou Rivyè Hudson te louvri an 1865 epi yo te itilize pil orijinal li yo nan konstriksyon aktyèl Pon Livingston Avenue an 1901. Pon an, CSX posede epi yo lwe Amtrak, prèske rive nan fen lavi sèvis li epi li pa satisfè estanda aktyèl ki gen rapò ak otorizasyon pou chaj, vitès, ak wotè; fòse tren pasaje ak machandiz ki ap pase sou pon an pou yo respekte restriksyon pwa ak vitès. Sa a tou limite kalite charyo ak machandiz ki ka travèse pasrèl la. Kòm yon rezilta, yon sèl tren kapab itilize pon de vwa a sèlman nan yon vitès maksimòm 15 kilomèt pa èdtan, sa ki kontribiye nan reta nan mouvman machandiz ak pasaje yo atravè Eta New York. Sèvis aktyèl atravè pon an gen ladan douz tren pasaje Amtrak ak apeprè de rive sis tren machandiz chak jou.

Nouvo pon an pral konstwi ansanm ak estrikti ki deja egziste a anvan li deplase trafik tren nan nouvo pon an lè li fini, sa ke yo prevwa nan yon moman an 2028. Aktyèl Pon Livingston Avenue an ap rete nan itilizasyon jiska tan sa a, kidonk limite pwoblèm yo anvan yo retire l.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Pon Livingston Avenue a se yon relik 19èm syèk la ki ap lakòz difikilte pou pasaje tren yo nan Eta New York depi twò lontan. Mwen rekonesan ak tout patnè federal nou yo pou asistans ak sipò yo nan pwojè transfòmasyon sa a ki pral amelyore sèvis tren pasaje ak machandiz nan tout koridò a epi ki pral ofri tou nouvo opòtinite lwazi pou pyeton ak siklis k ap jwi bote Rejyon Kapital la."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Livston Avenue Bridge la bay sèl pasaj tren pasaje ki solid atravè Rivyè Hudson lan, ant Albany ak Rensselaer, men li gen apeprè 125 ane epi li chita sou waf ki soti nan epòk Gè Sivil la epi li te deteryore anpil, sa ki mete an danje sikilasyon ray pasaje ak veyikil itilite nò eta a. 215 milyon dola kolosal sa a nan finansman federal pral ede ranplase pon an, amelyore sèvis ak fyabilite sou koridò Empire a, asire sikilasyon rivyè, epi bay yon lyen pou pyeton ke yo dezire depi lontan tou. Se yon bon jou pou gen Lidè Majorite Sena a ki reprezante Rejyon Kapital la. Pon sa a se lyen kle ki pèmèt pasaje vwayaje ant Vil New York ak pwèn nan lwès Rensselaer, atravè Nò eta a, ak nan nò jiska Monreyal. Mwen te goumen san pran souf pou bay resous ki nesèsè pou rann pwojè sa a posib, depi nan batay pou ogmante finansman pou Pwogram Enfrastrikti Ray Konsolide ak Amelyorasyon Sekirite nan Lwa sou Enfrastrikti & Travay Bilatral federal, epi answit mwen rele pèsonèlman Sekretè Transpò Buttigieg pou m jwenn sibvansyon sa a. Mwen fyè dèske pwogram nan ap bay BIG – ki se pi gwo prim nan istwa pwogram nan – pou Rejyon Kapital la ak tout Rejyon Nò Eta jodi a."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Envesti nan enfrastrikti enpòtan pou konekte kominote yo, ranfòse ekonomi nou an, ak amelyore kalite lavi nan New York. Livingston Avenue Bridge la enpòtan anpil pou transpòte moun ak machandiz atravè Albany, Rensselaer, ak odela, epi revitalizasyon li nesèsè anpil. Mwen fyè dèske mwen te ede sekirize finansman sa a, epi mwen pral kontinye goumen pou pote dola federal nan New York pou amelyore enfrastrikti eta nou an."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Pon Livingston Avenue an se yon pwen enpòtan nan koneksyon ant Albany ak Rensselaer epi li se sèl pasaj tren pasaje yo nan nò Eta New York ki travèse Hudson. Pon tren epòk Gè Sivil sa a gen lontan depi Ili te bezwen ranplasman pou satisfè bezwen kominote nou an. Kounye a, anfen, finansman sa a pral ede trase wout la pou amelyorasyon revolisyonè ki pral ranfòse sèvis tren ak fyabilite, epi ki ofri aksè san danje epi fasil pou pyeton yo. Mwen fyè dèske mwen te jwe yon wòl nan mete presyon pou finansman vital sa a pou rejyon nou an, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak tout moun ke efò yo te fè pwojè revolisyonè sa a avanse pou pi devan."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta New York pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)